Приложение №2
к ООП ООО «СОШ «Лидер»
с. Сержень-юрт им. Мухари Умарова
Приказ №74/1 от 23.08.2024г

**Нохчийн литературин мах хадоран г1ирсаш**

**Т1ег1а: коьрта йукъара дешар**

**(5-9 г1ий классаш)**

Хьехархо: Ганукаева М.Р.

2024 ш.

**V-IX классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу некъ:**

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**

**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**
**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**
**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларйеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.

**«4» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

**«3» дуьллу:**
1амийна материал, г1алаташ деш, йуьззина схьа ца йиийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцуш ца хилахь.

**«2» дуьллу:**
1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь.
Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

**V-XI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.
2. Диктантана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь йа цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.
3. **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (йа шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).
3. **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (йа 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).
4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (йа бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.
5. **«1»** дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гIалаташ сов хилахь.

**Дсшархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цайаздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдарш хилча.**

**Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**

**1.** программехь йоцу йа Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гIалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца Iамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу);

2. тилкхаздаьлла гIалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле йаздинехь;*

3. нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йеза йаздахь;

4. орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: *исс - иссалгIа-уьссалгIа, итт - итталгIа – уьтталгIа;*

5. къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсайаздар - нийса йаздар, гIодар - гIо дар,* и. дI. кх.;

6. дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, йеха - йиэха,* и. дI. кх. а.

7. *ЦIердешнийн къовсаме йаздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. а;*

8. дешархоша далийтинчу гIалаташна йукъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.

**Даккхий гIалаташ лору:**

1 Хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ.

2. Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакьхилла, меттахъхъайра.*

3. Дешхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазйар.

4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар *(оху - охуна йа охана, тоьгу - тоьгуна йа тоьгана).*

5. Хандешан ихначу хенан йазйар, масала: *бохура йа бахара, моьттура йа моттара.*

6. Кху кепара цIердешнийн йаздар: дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.

7. ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: *гIуллакх йа гIулкх, гIиллакх йа гIилкх.*

**Дешархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга <u>н</u> <u>йаздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) йаздарехь.</u>**

**Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка йуьллу-х1ора балхана шен-шен.**

**<u>Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех</u>:**

**«5»** дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
**«4»** дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;
**«3»** дуьллу, болх ах йа цул сов нийса бинехь;
**«2»** дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;
**«1»** дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

**Билгалдаккхар:**

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

**<u>V-IX классашкахь йечу талламан диктантийн мах хадор</u>**

**Диктант** – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш талларан кеп йу.

Талламан дешнийн диктанто  зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш йу х1окху дешнийн барамехь:

5 класс-10-15 дош
6 класс-15-20 дош
7 класс- 20-25 дош
8 класс- 25-30 дош
9 класс- 30-35 дош.
10 класс – 35-40 дош
11 класс – 40-45 дош

Дешаран шеран 3-чу чийрикехь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:

V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош
VIII классана- 120—135 дош
IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош

**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**

Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни меттан лехамашца йуьззина нийса йогIуш а хила йеза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, доски тIе дIа а йаздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсайаздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш доски тIе дIайаздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIайешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1егIардиг* дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.
5. I чийрик чекхдаллалц (5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:**

«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;
«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;
«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;
«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.

Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, 1аморан а, талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.

Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьрта йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.

Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан  дешнийн дукхаллехь маго йеза. Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

## II. Изложенийн мах хадор

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.

5-9 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

**Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:**

1) билгаллйина тема схьайелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларийар.

Сочиненин а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:**

1) болх темица бог1уш бу йа бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;
5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.

Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

**Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:**

Vклассана – 90-130 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 200-250 дош
VIII классана – 250-300 дош
IX классана – 300-350 дош
X классана – 350-400 дош
XI классана – 400-410 дош

**Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.**

**Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:**

1. **«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаьккхина х1ума доцуш а йиийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

2. **«4» дуьллу:**

а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йиийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

3. **«3» дуьллу**:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йалийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

4. **«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка йуьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

## III. Сочиненийн мах хадор

5-9 классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 - 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 - 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 - 2 аг1о;
8 классехь-2 - 3 аг1о;
9 классехь-3 - 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;

2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна йукъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттан йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

**Нохчийн литература 5 класс.**

| № | Белхаш | Дакъа. | Кеп | Терахь | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | **Планаца** | **Билгал** |
| **1.** | **Хьалхара триместр**<br>Проект №1<br>«Шайна хазахеташ долчу х1етал-метталшна суьрташ дахкар» | Халкъан барта кхолларалла. | Проект | 17.10 | |
| **2.** | **Шолг1а триместр**<br>Сочинени- «Сулимин хьуьнарш».<br>(А.122, сборн.) | **Нохчийн йаздархойн говзарш**<br>**Литературин туьйранаш** | Сочинени | 28.11 | |
| **3** | **Тест №1.** | XX бIешеран литература | Тестировани | 19.12 | |
| **4** | **Кхоалг1а триместр**<br>Проект №2.<br>«XX бIешаран тоьлла йаздархо» | XX бIешеран литература | | 30.01 | |
| **5** | Сочинени- заметка. «Мила хила лаьа суна» (А.123, сборн.) | XX бIешеран литература | Сочинени | 12.04 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **6** | **Шеран тест №2.** | XXI бIешеран литература | Тестировани | 22.05 | |

**Нохчийн литература**
**Эхашеран талламан болх**
**Тест №1 (1-ра вариант)**

**1. Нохчийн халкъан барта кхолларалин жанраш йу:**
1) дийцарш, статьяш;
2) стихаш, поэмаш;
3) хIетал-металш, иллеш;
4) пьесаш, романаш.

**2. Туьйранаш хуьлу:**
1) исторически;
2) биографически;
3) этнографически;
4) инзаре-тамашийна.

**3. Хин – тIай, некъан – накъост.**
ХIокху хIетал-металан нийса жоп билгалдаккха:
1) говр;
2) Iаса;
3) ворда;
4) пIаьлдиг.

**4. – ГIайгIа ма йелахь, сан хьоме да. Дукха хан йалале, могаш-маьрша а долуш, со йуха цIа кхочур ду хьуна. Сан тIомах йаккхий кхо мас, догIа а тохий, хьайн тIорказ чу дIайилла.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «Кхо ваша».
2) «Хьекъал долу йоI а, лулахо а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Доьшуш хилла кIант».

**5. Диалог олу:**
1) цхьамма дечу къамелах;
2) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
3) дуьйцуш волчуьнга ладогIарх;
4) шен къамелехь масалш далорах.

**6. – ХIинца хьан дола бели со. Хьо холчу а хIоьттина, соьгара гIо эшна, со хьашт ма-хиллинехь, хIара мерз багор ахьа, со тIекхочур бу хьуна.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «Кхо ваша».

2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Доьшуш хилла кӀант».

**7. Даима стигала хьоьжуш йерг.**

ХӀокху хӀетал-металан нийса жоп билгалдаккха:

1) мунда;
2) туьнкалг;
3) борз;
4) кӀудал.

**8. Нийсачу йа тардинчу маьӀнехь долу дош йа къамелан алар ду:**

1) аз;
2) байт;
3) мукъам;
4) троп.

**9. «Барзо Іахарца мохк къовсар» туьйранахь барзо тоьшаллина далийнера:**

1) жІаьла;
2) цхьогал;
3) цІоькъалом;
4) куьйра.

**10. Туьйра «Майра к1ант Сулима» йаздина:**

1) Мусаев М.М.;
2) Исмаилов А.Т.;
3) Саидов Б.С.;
4) Гацаев С.А.

**11. Туьйра «Бирдолаг» йаздина:**

1) Мусаев М.М.;
2) Исмаилов А.Т.;
3) Саидов Б.С.;
4) Гацаев С.А.

**12. «Зайнди» дийцаран автор ву:**

1) Мусаев М.М.;
2) Исмаилов А.Т.;
3) Саидов Б.С.;
4) Гацаев С.А.

**13. «Басня» - иза …:**

1) чекхдаьлла маь1на а долуш, доцца аьллачу къеггинчу дешнашка йерзийна ойла;
2) дуьйцург т1ехдоккха гойтуш йолу исбаьхьаллин кеп;

3) хьехаман маь1на шеца долу стихотворенин (йа прозин) кепехь йаздина жима дийцар;
4) хила йиш йоцуш а, хила йиш йерг а цхьаьна иэдеш дестийна х1ума далор.

**14. Дийцар – иза …:**
1) шина йа масех стага вовшашца ден къамел;
2) стеган дахарера цхьаъ йа масех г1уллакх гойтуш йолу жима эпически произведени;
3) стихотворенин кепехь йоцу литературин произведени;
4) исбаьхьаллин произведенехь цхьана турпалхочун йа дакъалацархочун къамел.

**15. Монолог – иза …:**
1) шина йа масех стага вовшашца ден къамел;
2) стеган дахарера цхьаъ йа масех г1уллакх гойтуш йолу жима эпически произведени;
3) стихотворенин кепехь йоцу литературин произведени;
4) исбаьхьаллин произведенехь цхьана турпалхочун йа дакъалацархочун къамел..

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
| 3 | 4 | 1 | 3 | 2 | 1 | 2 | 4 | 2 | 3 | 2 | 3 | 3 | 2 | 4 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**Эхашеран талламан болх**
**Тест №1 (2-г1а вариант)**

1. **Нохчийн халкъан барта кхолларалллин жанраш йу:**
1) очеркаш, дийцарш;
2) стихаш, поэмаш;
3) х1етал-металш, кицанаш;
4) повесташ, романаш.

**2. «Тамашийна олхазар» туьйранан автор ву:**
1) Саидов Билал;
2. Мусаев Мохьмад;
3. Исмаилов Абу;
4) халкъ.

**3. Къамелехь адамийн синхаам кIарг а беш, хIума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух олу:**

1) эпитет;
2) дерзор;
3) дустар;
4) метафора.

**4. Инзаре а, тамашийна а хиламийн хьокъехь халкъо хаздина кхоьллина дийцарш ду:**

1) аларш;
2) кицанаш;
3) тидамаш;
4) туьйранаш.

**5. Диалог олу:**

1) цхьамма дечу къамелах;
2) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
3) дуьйцуш волчуьнга ладогIарх;
4) шен къамелехь масалш далорах.

**6. Туьйранаш хуьлу:**

1) исторически;
2) биографически;
3) этнографически;
4) инзаре-тамашийна.

**7. Цхьа хан йаьллачу хенахь хIара кхо к1ант шайн ден коша тIе эха воьлла. Иштта хIорш лелаш, шайн дена доьгIна туьхан чурт жимлуш хилар хааделла кIенташна.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:

1) «Доьшуш хилла кIант».
2) «Барзо Iахарца мохк къовсар».
3) «Кхо ваша».
4) «Тамашийна олхазар».

**8. Нийсачу йа тардинчу маьIнехь долу дош йа къамелан алар ду:**

1) троп;
2) забар;
3) хабар;
4) байт.

**9. Кхетам луш долу доца аларш ду:**

1) байташ;
2) кицанаш;
3) туьйранаш;

4) дийцарш.

**10. «Чкъоьрдиг» туьйранан автор ву:**

1) Саидов Б.С.;
2) Мусаев М.М.;
3) Гацаев С.А.;
4) Исмаилов А.Т.

**11. «Баппа» дийцаран автор ву:**

1) Саидов Б.С.;
2) Мамакаев М.А.;
3) Гацаев С.А.;
4) Исмаилов А.Т.

**12. «Ц1ен маьхьси» туьйранан автор ву:**

1) Саидов Б.С.;
2) Мусаев М.М.;
3) Гацаев С.А.;
4) Исмаилов А.Т.

**13. Архаизм – иза ....**

1) ширделла, шех к1езиг пайдаоьцу дош;
2) дуьхь-дуьхьалниг. Исбаьхьаллин кеп йу, хилам а, х1ума а, персонаж а дуьхь-дуьхьал х1оттош йолу;
3) хила йиш йоцуш а, хила йиш йерг а цхьаьна иэдеш дестийна х1ума далор;
4) дуьйцург т1ехдоккха гойтуш йолу исбаьхьаллин кеп.

**14. Антитеза – иза ....**

1) ширделла, шех к1езиг пайдаоьцу дош;
2) дуьхь-дуьхьалниг. Исбаьхьаллин кеп йу, хилам а, х1ума а, персонаж а дуьхь-дуьхьал х1оттош йолу;
3) хила йиш йоцуш а, хила йиш йерг ацхьаьна иэдеш дестийна х1ума далор;
4) дуьйцург т1ехдоккха гойтуш йолу исбаьхьаллин кеп.

**15. Гипербола – иза ....**

1) ширделла, шех к1езиг пайдаоьцу дош;
2) дуьхь-дуьхьалниг. Исбаьхьаллин кеп йу, хилам а, х1ума а, персонаж а дуьхь-дуьхьал х1оттош йолу;
3) хила йиш йоцуш а, хила йиш йерг а цхьаьна иэдеш дестийна х1ума далор;
4) дуьйцург т1ехдоккха гойтуш йолу исбаьхьаллин кеп.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 4 | 1 | 4 | 2 | 4 | 3 | 1 | 2 | 3 | 2 | 2 | 1 | 2 | 4 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**Нохчийн литература**
**Шеран талламан болх**
**Тест №2 (1-ра вариант)**

**1. Нохчийн халкъан барта кхоллараллех олу:**
1) дийцар;
2) алар;
3) лексика;
4) фольклор.

**2. Мамакаев 1.Ш. вина:**
1) 1918-1958;
2) 1920-1980;
3) 1922-1995;
4) 1922-1978.

**3. «Кегий йийсарш» дийцаран автор ву:**
1) Саидов Билал;
2) Мусаев Мохьмад;
3) Гайсултанов 1.Э.;
4) Гацаев СаьIид.

**4. Хьанна лерина йу «Борз йу уг1уш» стихотворени?**
1) Ахматова Раисина;
2) Саракаев Хьамзатана;
3) Муталибов Зайндина;
4) Мамакаев Мохьмадна.

**5. Оха шух дозалдо, к1ентий, /Парг1ато аш йелла тхуна./Г1ийлачийн хилла вежарий,/Х1ора шух хьоме ву суна.**

ХIара мог1анаш муьлхачу стихотворенера ду, мила ву автор:
1) Муталибов З. «Доттаг1алла»
2) Сулейманов А. «Борз йу уг1уш»
3) Ахматова Р. «Лийрбоцурш».
4) Сулаев М. «Ламанан хи».

**6. Саракаев Хь. «Баьпкан чкъуьйриг» произведенин жанр билгалйаккха:**

1) роман;
2) повесть;
3) очерк;
4) дийцар.

**7. «Баьпкан йуьхк» стихотворенин автор ву:**

1) Арсанукаев Ш.А.;
2) Кагерманов Д.Д.;
3) Окуев Ш.Х.;
4) Сатуев Хь.Д..

**8. – Хьуна дика дийцарг,**
**Диканца хьо вахарг, –**
**Олий, доладора**
**Зарията хабар.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:

1) «Майра кIант Сулима».
2) «Кхо ваша».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Чкъоьрдиг».

**9. Фольклор халкъан хьекъал бохург ду:**

1) оьрсийн маттахь;
2) нохчийн маттахь;
3) гIалгIайн маттахь;
4) ингалсан маттахь.

**10. «Сан хьоме Нохчийчоь» стихотворенин автор ву:**

1) Окуев Ш.Х.;
2) Гацаев СаьIид;
3) Мусаев Мохьмад;
4) Саидов Билал.

**11. Пейзаж – иза ...**

1) литературин турпалхо, исбаьхьаллин произведенера дакъалацархо;
2) эпически произведенийн цхьа тайпа.
3) исбаьхьаллин произведенехь 1аламан сурт;
4) лиро-эпически произведенийн цхьа тайпа.

**12. Персонаж – иза …**

1) литературин турпалхо, исбаьхьаллин произведенера дакъалацархо;

2) эпически произведенийн цхьа тайпа.
3) исбаьхьаллин произведенехь 1аламан сурт;
4) лиро-эпически произведенийн цхьа тайпа.

**13. Нохчийн исбаьхьаллин литературехь дуьххьара дийцар яздина 1923-чу шарахь:**

1) Сальмурзаев Мохьмада;
2) Берсанов Хож-Ахьмада;
3) Гайсултанов Іумара;
4) Мамакаев Мохьмада.

**14. «Малх чубаре хьоьжура иза» дийцаран автор ву:**

1) Арсанукаев Шайхи;
2. Амаев В.-Хь. Х.;
3. Мамакаев Іаьрби;
4) Сатуев Хьусайн.

**15. «Со, 1ен а ца велла, оьг1аз а вахана, велха волавелира, ткъа воккха дада йуха а со хесто х1оьттира, букъа т1е дайн куьг а детташ: «Дика адам хир ду хьох, дика къонах хир ву. …), - бохуш.**

**Муьлхачу дийцар т1ера ду х1ара мог1анаш?**

1) «Буьйсанна г1улчаш».
2) «Ца кхетта хестор».
3) «Берзалой».
4) «Доттаг1алла».

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 4 | 1 | 3 | 4 | 3 | 4 | 1 | 1 | 4 | 1 | 3 | 1 | 1 | 2 | 2 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**Нохчийн литература**
**Шеран талламан болх**
**Тест №2 (2-г1а вариант)**

1. **Нохчийн халкъан барта кхоллараллин жанраш ю:**
   1) пьесаш, повесташ;
   2) стихаш, поэмаш;
   3) кицанаш, туьйранаш;
   4) дийцарш, романаш.

2. **Монолог олу:**
   1) цхьамма дечу къамелах;
   2) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
   3) кхаамма дечу къамелах;
   4) дуккха а адамаша дечу къамелах.

3. **Цул тIаьхьа генарчу ирзу тIехь гулделлера гIайре тIера дерриг а сешлахь тоьлла тхьамданаш. Кхеттачу беттасехь дика къаьстара гу тIе а баьлла къамел деш болу Кура Сай.**

   ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «ЦIен маьхьси».
2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Бирдолаг».

4. **Букарчу т1лг1ешца керчадеш чхернаш,/Х1аваэ хьалакхуьйсуш жовх1арийн тхи,/ Ша х1орде сихделла, хедадеш лаьмнаш,/Хаьхкина охьадог1у ламанан хи.**
   **Мила ву х1окху мог1анийн автор?**
   1) Муталибов З.А.;
   2) Сулейманов А.С.;
   3) Гайсултанов 1.Э.;
   4) Сулаев М.М.

5. **1.Гайсултановн «Кегий йийсарш» дийцарехь коьрта турпалхо мила ву?**
   1) Г1ойсам;
   2) Ханпаш;
   3) Зайнди;
   4) 1али (Александр)

6. **Кица къамелан … ду:**
1) шекар;
2) моз;

3) даьтта;
4) туьха.

**7. Дехха дийцинчул тӀаьхьа: «Кхечунна даьккхинчу ор чу ша ца ваха амал дац бохург ду тӀаьххьара а хьох гӀон дерг», – аьлла, шен къамел чекх а даьккхина, катоьхна борз схьалецира дарбанна сихделлачу лоьмо.**

ХӀара дешнаш хӀокху туьйранера ду:
1) «ЦӀен маьхьси».
2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Майра кӀант Сулима».

**8. «Чкъоьрдиг» туьйранан автор ву:**
1) Саидов Билал;
2. Мусаев Мохьмад;
3. Исмаилов Абу;
4) Гацаев СаьӀид.

**9. Кагерманов Доккин «ДоттагӀалла» дийцар тӀехь шегара ледарло йалийтира:**
1) Хьамзата;
2) Халида;
3) Новраза;
4) Хьамида.

**10. «Малх чубаре хьоьжура иза» дийцар т1ехь билгалйаьккхина хан муьлха йу?**

1) Хьалхалера хан.
2) къам махкахдаьккхина хан.
3) Т1ом д1абирзина хан.
4) Т1ом болу хан.

**11. Воккха дада йуха а со хесто хӀоьттира, букъа тӀе дайн куьг а детташ: «Дика адам хир ду хьох, дика къонах хир ву. Дика кӀант ву сан Джабраил, дика кӀант ву …», – бохуш, чӀоггӀа со мара а къуьйлуш.**
**Суна тӀаккха а ца хаьара, со дика хӀунда хила везаш ву, аса хӀун дина, дика хила.**
ХӀара дешнаш хӀокху дийцар тӀера ду:
1) «Доттаг1алла».
2) «Къонахалла».
3) «Берзалой».

4) «Ца кхетта хестор».

**12. «Сан хьоме Нохчийчоь» стихотворенин автор ву:**
1) Мамакаев Мохьмад;
2. Бадуев СаьIид;
3. Мамакаев Iаьрби;
4) Окуев Шима.

**13. Маттана говза а хилла, шен дас бохург ца дина шен Iовдал ши ваша а валош, цIа веана жимахволу ваша, шен вежаршна Iиттарш а йеш.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «Кхо ваша».
2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Барзо Iахарца мохк къовсар».

**14. «Баьпкан йуьхк» стихотворенин автор ву:**
1) Арсанукаев Шайхи;
2) Рашидов Шаид;
3) Мамакаев Iаьрби;
4) Сатуев Хьусайн.

**15. ЦIаьххьана, йуьртана тIехула хIаваъ датIош, гур даьржира. Ши кIант, кхеравелла, дIасахьаьжира. Шок тухуш бахана йоккхачу тоьпан хIоъ, шина кIентан кортош тIехула а баьлла, йуьрта йуккъехь охьакхетта, иккхира. Iадийча санна, дIатийра йурт.**
ХIара дешнаш хIокху произведенера ду:
1) «Баппа».
2) «Берзалой».
3) «Къонахалла».
4) «Кегий йийсарш».

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 1 | 4 | 4 | 4 | 4 | 1 | 4 | 3 | 2 | 4 | 4 | 2 | 1 | 4 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**6 класс**

| № | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Терахь | | Х1оттийнарг |
|---|---|---|---|---|
| | | планаца | билгал | |
| 1 | Хьалхара чийрик: «Халкъан барта кхолларалла» темина талламан болх (тест№1) | 27.09 | | Нохчийн литература 6 класс: учебник Эдилов С. Э.<br>Эдилов С.Э.Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь. Грозный: «Грозненский рабочий»-2018. |
| 2 | Шолг1а чийрик: Исбаьхьаллин литература Сочинени «Сан Даймохк» | 23.10 | | Нохчийн литература 6 класс: учебник Эдилов С. Э.<br>Эдилов С.Э.Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь. Грозный: «Грозненский рабочий»-2018. |
| 3 | Кхоалг1а чийрик: «Исбаьхьаллин литература» темина талламан болх (тест №2) | 24.12 | | Нохчийн литература 6 класс: учебник Эдилов С. Э.<br>Эдилов С.Э.Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь. Грозный: «Грозненский рабочий»-2018. |
| 4 | Пхоьалг1а чийрик: «Исбаьхьаллин литература» темина талламан болх (тест №3) | 14.01 | | Нохчийн литература 6 класс: учебник Эдилов С. Э.<br>Эдилов С.Э.Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь. Грозный: «Грозненский рабочий»-2018. |
| 5 | Йоьалг1а чийрик: Исбаьхьаллин литература Сочинени «Тхуна ца оьшу т1ом» | 01.04 | | Нохчийн литература 6 класс: учебник Эдилов С. Э.<br>Эдилов С.Э.Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь. Грозный: «Грозненский рабочий»-2018. |
| 6 | Йалхалг1а чийрик: «Шеран талламан болх» темина | 27.05 | | Нохчийн литература 6 класс: учебник Эдилов С. Э. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | талламан болх (тест №4) | | | Эдилов С.Э.Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь. Грозный: «Грозненский рабочий»-2018. |

**Нохчийн литературин хьалхарчу чийрикан талламан болх (Тест №1).**
**Фамили ___________________ ЦIе ________________ Класс _________**
**Терахь**

1. **Эвтархойн Ахьмадан илли (Х1ун 1алашо йолуш араваьлла хилла Эвтархойн Ахьмад?) д1аязде**

________________________________________________________________________

2. **Г1енахьа х1ун гира Эвтархойн Ахьмадна?**
   а) Хаза маьлхан з1аьнарш;

   б) Шийла, сирла шовданаш;

   в) Г1алаг1азкъичун гило шен гила чехош.

3. **Гермачигара Наьрташ дийцарехь юьртарчу наха Гермачигара наьрташ ара муха баьхна?**
   а) юург ца йоуьйтуш;

   б) Т1ом бина, кхерийна;

   в) Наьрташна т1е дог1у хи д1асацийна.

**4. Наьрт - аьрстхой кхерор дийцарехь хьан кхерийра наьрт-аьрстхой?**

а) паччахьан эскаро;

б) воккхачу стага;

в) кегийчу наха.

**5. Гайсултанов 1умаран дахаран шераш хилла ...**

а) 1920 - 1979;

б) 1918 - 1958;

в) 1903 -1948.

**6. Гайсултанов 1умаран "Нийса кхел" ц1е йолчу дийцаран коьртачу турпалхочун ц1е яра ...**

а) Дика;

б) Дикалг;

в) Дикбер.

**7. «Нийса кхел» дийцарехь Дикалгира даьллачун нийса кхел хьан йира?**

а) Моллас;

б) Ялхочо;

в) Юьртарчу наха.

**8.  Мила ву х1окху мог1анийн автор?**

***"Хьаша вац со маьхан хьаьттахь, йистера б1аьрг тоха веъна.***

***Со вага веъна кху лаьттахь, охане довха дог тесна ..."***

а) Сатуев Хьусайн;

б) Рашидов Шаид;

в) Эдилов Хас-Мохьмад.

**9. Маца муьлхачу юьртахь вина Сатуев Хьусайн?**

а) 1919-чу шарахь 1алхан-Г1алахь;

б) 1929-чу шарахь 1алхан-Чуртахь;

в) 1939-чу шарахь 1алхан-Юьртахь.

**10.  Сатуев Хьусайна язъйинчу басни ц1е д1аязъе**

---

**Нохчийн литературин шолг1ачу чийрикан талламан болх (Тест№2).**

**1. Ошаев Халид вина:**

а) 1898-1977

б) 1909-1972

в) 1920-1999

**2. «Чайра» дийцарехь Мохьмад мичара ц1а вог1уш хилла?**

а) Москва;

б) Казахстан;

в) Пермь.

**3. Х1ун бахьана дара Мохьмад а, цуьнан доьзал а Казахстане 1ер?**

а) Балха бахана;

б) Сакъера бахана;

в) Сибрех бахийтина.

**4. Муьлхачу хенахь д1абохийна вайн нах Сибрех?**

а) 15 февраль 1945;

б) 23 февраль 1944;

в) 13  март 1946.

**5. Муьлхачу юьртара вара Мохьмад?**

а) Шуьйтара;

б) Г1алара;

в) Лакха –Ч1инха.

**6. Муьлхачу произведени юкъара ду х1ара мог1анаш, мила ву автор?**

***...Къеначу ден- ненан ша цхьаъ бен воцуш,***

***Цу юьртахь кхуьура хьамсара к1ант:***

***Бахамо, цамгаро лацарна кхоьруш,***

***Цунна т1е хьийзара нана ц1е ерг:***

а) Рашидов Шаид " Даймохк"

б) Сайдуллаев Хьасан "Ненан б1аьрхиш"

в) Сулаев Мохьмад "К1анте"

**7. Х1ун совг1аташ дина хилла к1антана дас-нанас?**

а) Дин, т1еман барзакъ;

б) Машен;

в) коч, мачаш.

**8. Нохчийн хьакъволу поэтан Мамакаев 1аьрбин дахаран шераш хилла.**

а) 1928-1968;

б)1918-1958;

в)1908 1948.

**9. Муьлхачу шарахь дуьйна йовза йолаелира Нохчийчохь поэзи езархошна Мамакаев 1аьрбин ц1е?**

а) 1936 - чу шарахь;

б) 1934 - чу шарахь;

в) 1938 - чу шарахь.

**10.Муьлхачу шарахь зорба туьйхира Мамакаев 1аьрбин дуьххьарлерчу поэмийн, стихийн сборникна, х1ун яра цуьнан ц1е?**

а) 1940-чу шарахь «Теркан тог1е»;

б) 1938-чу шарахь «Даймахке».

в) 1934-чу шарахь.

**Нохчийн литературин кхоалг1ачу чийрикан талламан болх (Тест №3).**

**1.Саракаев Хьамзат вина шо:**

А) 1927-2013;

Б) 1933-2010;

В) 1922-2008.

**2. «Ирсе б1аьрхиш» ц1е йолчу дийцарехь болчу турпалхойн ц1ераш д1аязъе:**

______________________________________________________________________________

**3.«Ирсе б1аьрхиш» дийцарехь Ахьъяд юьрта х1ун дан воьдуш вара?**

а) Самукъадаккха;

б) Гергарчу нахе хьошалха;

в) Лоьран болх бан.

4. **Легашка шад х1оьттира бохучу фразеолагизман маь1на даста**

______________________________________________________________________________

5. **Х1окху дешнийн автор мила ву?**

Цецдевллера тахана тхо –

Х1ун ду-теша х1ара?

Самукъане тхан хьехархо

Сингаттаме вара.

а) Махмаев Ж.М

б) Нунуев С.-Хь.

в) Мамакаев Э.

**6. Меттан суртх1отторан г1ирс-фразеологизм шеца йолу предложени билгалъяккха.**

а) Юххе деана цхьа а адам доцуш, ч1ерий дайнера.
б) Иза ямарта олхазар делахь а, шаьшшингахь адамалла хиларе терра, де доьхгачу ч1ег1агах къахийтира цу шинна.
в) Кхуьнан бенахь гуш дерш вайшинна ч1ерий ду моьттуш ву-кх со, - элира Махьмас.

**7.Меттан суртх1отторан г1ирс-дустар шеца долу предложени билгалъяккха.**

а) Эццахь еана схьаикккхин, хьуна, цхьа къона зуда.
б) Ц1ахь кегий бераш дара сан, царна сагатделла йоьдура со.

в) –Иштта аса ца кхетийча, х1ун дан воллура хьо?- шен иштта а т1е даьлла ге кхин т1е а даьккхина, вусавелла, борг1ал санна, д1ах1оьттира важа.

**8.Меттан суртх1отторан г1ирс-метафора шеца йолу предложени билгалъяккха.**

а) Сов муьста хилахь-наха охьатосур ву, т1ех мерза хилахь-верриг д1акхоллур ву.

б) Ма кхералахь, со ледара хир вац хьуна.

в) 1ожаллех ларло, амма мак хера.

**9. «Къона» бохучу дашна синоним ялае___________________**

**10. «Хьарам» бохучу дашна антоним ялае__________________**

**Нохчийн литературин йоьалг1ачу чийрикан талламан болх (Тест№ 4).**

**1. Литературин произведенехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах х1ун олу?**

а) сюжет;

б) кульминаци;

в) пейзаж.

**2. Нунуев С.-Хь. вина шо:**

а) 1952; б)1956; в) 1958

**3. «Х1орд» стихотворенин автор мила ву?**

а) Рашидов Шаид

б) Мамакаев Эдуард

в) Сулаев Мохьмад

**4. Бексултанов Муса вина шо:**

а) 1950;

б) 1961;

в) 1954.

**5. Бексултанов М. «Некълацар» дийцар юккъера воккхачу стеган ц1е муха яра?**

а) Зеламха

б) Дерказ

в) Ахьъяд

**6. Халкъан барта кхоллараллина юккъе х1ун ца йог1у?**

1) киценаш; 2) х1етал-металш; 3) туьйранаш; 4) стихотворенеш.

**7. Къамелехь адамийн синхаам к1арг а беш, х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух х1ун олу?**

1) эпитет; 2) эпиграф; 3) эпилог.

**8. Латтамаш схьа а карабай, к1ел сиз хьакха:**

*Б1ешераш хьалха цу ломахь*
*Хилла ду дуьйцуш дерг вай.*
*Г1елонехь даьхначу къоман*
*Дахар а хилла дац дайн.*

**9. Фольклор х1ун ю?**

а) цхьаммо аьлла дешнаш ду;

б) поэзи ю;

в) халкъо барта кхоьллинна исбаьхьаллин произведенеш ю;

**10. Гайсултанов 1умаран нохчийн барта кхолларалле безам кхоьллира:**

а) дас диначу весеташа;

б) нахе дукха ладег1аро;

в) денанас дийцинчу туьйранаша;

г) нохчийн 1адаташа.

**Нохчийн литературин**
**мах хадоран г1ирсийн фонд**
**(7 класс)**

| № | Дакъа | Белхаш |
|---|---|---|
| 1 | Халкъан барта поэзи | Талламан болх. Тест. |
| 2 | | «Даймехкан 1алам» сочинени |
| 3. | Исбаьхьаллин литература | «Кхойтта шаре бахбелла некъ» сочинени |
| 4 | | Шеран талламан болх |

**Халкъан барта поэзи**

**1. Талламан болх**

1. Фольклор бохург х1ун ду нохчийн маттахь?
а) халкъан хьекъал;
б) поэзи;
в) проза
2. Муьлхачу илли т1ера ду х1ара дешнаш:
Да виса хьан дела1, ва мерза ва дуьне
Хьо диънарг мила ву ; бохуриг ва хилла?
а) "Зеламхин илли"
б) "Обарг Варин илли"
в) Нохчийн шира илли"
3. Нохчийн литературин бухбилллархо лору.
а) Ахмадов Муса;
Б) Бадуев Саь1ид-Салихь
в) Гайсултанов 1умар
4. Бадуев Саь1ид-Салихьан дахаран шераш ду:
а) 1886-1957;
б) 1920-1987;
в) 1903-1938.+
5. Мичахь вина ву Бадуев Саь1ирд-Салихь?
а) Валаргт1ехь;
б) Соьлжа-Г1алахь;+
в) Махкат1ехь
6.Стенна дуьхьал яздина ду Бадуеви<<1адат>> ц1е йолу дийцар?
а) нохчийн 1адаташна+;
б) паччахьан 1едална;
в) къелла цалаяларна.
7. Гайсултанов 1умаран дахаран шераш ... ду:
а) 1902-1984;
б) 1920-1979;+

в) 1899-1985.

8. Гайсултанов 1умаран нохчийн халкъан барта кхолларалле боккха безам кхоьллира:

а) дас диначу весеташа;

б) нахе дукха ладег1аро;

в) денанас дийцичу туьйранаша.+

9.Гайсултанов 1умаран произведени <<Болат-г1ала йожар>>...ю:

а) повесть;+

б) роман;

в)поэма.

10. Кусаев 1адиз вина ... районехь.

а) Веденски;

б) Нажи-юртан;+

в) Шалински.

11. 1898-1977 х1окху шерашкахь ваьхна яздархо ву:

а) Айдамиров Абузар;

б) Мамакаев Мохьмад;

в) Ошаев Халид+.

12. Муьлхачу произведени юкъара ду х1ара мог1анаш?

Ас инарла вийначул т1аьхьа дукха хан яьлла хир яцара.Сан дагна тасаделира мостаг1ийн окопаш чохь веана цхьа говза снайпер хилар...

а) Алун шераш ;

б) Иччархо Абухьаьжа Идрисов ;+

в) Ч1ир эцар .

13.Яздархочун нийса йоцу ц1ей,фамилий билгалъяккха:

а) Сулаев Мохьмад;

б) Кусаев Салман;+

в) Арсанукаев Шайхи.

14. Дикаев Мохьмад ... вина.

а) Г1ойт1ахь;

б) Гихт1ахь;

в) Берд-к1елахь.+

15. Х1ара дешнаш ду ... ц1е йолчу стихотворени юкъара:

Сайн хьешана мерза кхача,деган йовхо ца кхоийна,Мостаг1чунна,бекхам боцуш, цхьа а зулам ца дитина.

а) Даймехкан сурт ;

б) Нохчо ву со ;+

в) Сан Даймохк .

## Исбаьхьаллин литература

## 2. «Даймехкан 1алам» сочинени

План.

1.Даймехкан васт

2.1аламан васт

3.Цхьатерра юй цу шиннан ойланаш?

4.Х1ун маь1на ду церан вастийн. Царех хьайна хетарг ала.

## 3.«Кхойтта шаре бахбелла некъ» сочинени

План.

1.Кьам махках даккхар.

2.Новкьахь лайнарг.

3.Маццалла.

4.Казахстанехь лайна халонащ.

**4.Талламан болх**

**1.** Шера ритм а, мукъам а болу произведени:
а) илли; + б) узам ;
в) эшар.

**2**.Илли д1адолалуш дукхахьолахь гойту сурт:
а)самукъане; б) юкъара+
в) ойлане.

**3.**Иллешкахь
алсам хуьлу суртх1отторан г1ирс олу:

а) аллегори;
б)метоними; в) дустар.+

**4.**Илли т1ехь х1ума дестийна гойтучу г1ирсах
олу: а)
синекдоха;
б)гипербола; + в) легенда.

**5.**Иллин коьрта
ойла гучуяккхархьама даладо:
а)афоризмаш;
б)лаконизмаш; в) юх-юха
аларш.+

**6.**Илли т1ехь дуьйцучун к1орггера сурт
х1оттадо:
а) эпитето; + б)мотиво;
в) ладог1аро.

**7 .**Иллешкахь цхьа х1ума кхечунгахула гучуйоккху:
а)чулацамо; б)метафоро;
+
в) пейзажо.

**8.**Илли т1ехь турпалхочо шен тешаме доттаг1
лору:
а) шен накъост;
б) шен дин(говр) ; +
в) цхьа а ца лору.

**9.** Иллин коьрта маь1на чулоцу дешнаш ду:
а)дийцар; б)
долор;
в) дерзор.+

**10.** Иллин чаккхенехь хуьлучу «Ма лолда вай, к1ентий**,** вовшах безам байна» бохучу
дешнех олу:
а) маь1не далор;
б)т1аьхьараалар; в) говза
дерзор.

**Нохчийн литературин**
**мах хадоран г1ирсийн фонд**
**(8 класс)**

| Ро г1. № | Дакъа | Мах хадоран г1ирсан ц1е |
|---|---|---|
| 1. | «Исбаьхьаллин литература» | Сочинени № 1<br>« Даймахке безам» |
| 2. | «Исбаьхьаллин литература» | Сочинени №2 «Ламанхойн доьналла |
| 3 | «Исбаьхьаллин литература» | Сочинени № 3 «Вайн халкъо лайнарг» |
| | | |
| 4 | Тест «Исбаьхьаллин литература» | |

**В - 1**

**1.Бадуев Саь1ид-Салихь вина___________________шарахь**

**2. «Олдам» дийцаран автор:**
**А) М.Мамакаев ;**
**Б)Х.Ошаев;**
**В) С.Бадуев;**

**3) «Олдам» дийцаран турпалхой бу:**
________________________________________

**4. «Д1а-коч,схьа-коч»:**
**А)дийцар ду;**
**Б)пьеса;**
**В) роман;**

**5. « Д1а-коч,схьа-коч» т1ера коьрта турпалхой:**
_______________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________

**6.« Дахаран генаш» йазийна_______________________________________**

**7.« Дахаран генаш»:**

**А) поэма йу;**
**Б) дийцар ду;**
**В) туьйра ду;**

**8. Арсанукаев Шайхи вина______________________________________________**

**9. « Тимуран тур» йазийина________________________________________________**

**10.Муьлхачу повесть йукъара ду х1ара мог1анаш?**
**Тойита! Х1инццалц х1орш**
**Дика ловзийна.**
**Баха д1а гучуьра**
**Декъазнаш суна._______________________________________________**

**11.Хасбулатов Ямлихан вина_______________шарахь.**

**12. « Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх» йазийина________________________________________________________________**

**Тест-2**

**1.Нохчийн литературин бухбиллархой лору________________________________________________________________________________**

**2.Исраил,Сапийат,Элашби,Ваха-Бадуев С., муьлхачу произведенин турпалхой бу:**
**А) «Олдам» ;**
**Б) «1адат»;**
**В) «1имран»;**

**3. «Олдам»..**
**А) дийцар ду;**
**Б) пьеса;**
**В) роман;**

**4.«Хьоме-йурт» т1ера коьрта турпалхой:**

**5.Бисултанов Апти вина__________________________________________________**

**6.Муьлхачу стихотворенин йукъара ду х1ара мог1анаш:**
**Тхан наной хьан къина**
**Боьлхучу дийнахь**
**Дала ларйойла хьо,**
**Тхан Нана-………(________________________________)**

**7. « Лаьтта т1ехь лаьмнаш х1иттош»**
**А) стих;**
**Б) дийцар;**

**В) поэма;**

**8. « Маьлхан каш»**
**йазйина____________________________________________________________**

**9.Ахмадов Муса вина_______________________________________________**

**10. «Дег1аста» стихотворени йазйина____________________________________**

**11.Муьлхачу стихотворенин йукъара ду х1ара мог1анаш:**
**Нуьцкъала хьох даьхна,**
**Дуьнен чохь даржийна,**
**Хьан лаьттан кошан барз**
**Хиллачех хьоьгуш,(____________________________)**

**12. «Маьлхан каш»**
**А) стих;**
**Б) дийцар;**
**В) поэма;**

**Нохчийн литературин**
**мах хадоран г1ирсийн фонд**
**(9 класс)**

| № | Дакъа | Мах хадоран г1ирсан ц1е |
|---|---|---|
| 1 | **Халкъан барта кхолларалла** | Сочинени «Тешаман мехалла» |
| 2 | **Исбаьхьаллин литература** | **Тест 1** |
| 3 | **Исбаьхьаллин литература** | Сочинени<br>«Къинхетаме стаг» |
| 4 | **Исбаьхьаллин литература** | Сочинени «Муха хуьлу дика доттаг1» |
| 5 | **Исбаьхьаллин литература** | Сочинени «Вина мохк мазал мерза бу» |
| 6 | 1амийнарг карладаккхар,т1еч1аг1дар | Тест 2 |

Класс____

Дешархочун йуьззина ц1е___________________________________________

Тест-1

1.Фольклоран жанраш йу:
_____________________________________________________________________
_____________________________________________________________________
_______________________________________________

2.Инзаре тамашийначу хиламех хаздина кхоьллинаргду:

**А)туьйра ;**

Б)кица;

В)дийцар.

3.Хьекъал,кхетам луш долу аларех олу:

А)туьйра ;

**Б)кица;**

В)дийцар.

4.Стихотворенин кепехь а йолуш,мукъамца олуш йолчу эпически а,лирически а произведенех олу:

А) эшар ;

**Б) илли;**

В) назма.

5.Хьан кхоьллина барта поэзин иллеш?
___________________________________________________________

6.Муьлхачу илли т1ера ду х1ара мог1анаш:

Хьаьвзина мА бахара и йуьртан тхьамданаш

Рузбанна диначу рузбанан маьждиге.

(_______________________________________________________)

7. Муьлхачу иллин турпалхой бу:Адин Сурхо,элан Мусоста,йуьртара тхьамданаш?

___________________________________________________________

8.«Аьккхийн Жанхотан илли» ду:

А) Лирически ;

**Б) Турпалаллин;**

9.Аьккхийн Жанхотан иллин турпалхой:
_____________________________________________________________________
_____________________________________________________________________
_______________________________________

10.Гонахарчу дахарехь йа 1аламехь долчу х1уманаша меттахъйаьккхинчу турпалхочун ойланех лаьцнарг ду:

**А)лирически илли;**

Б)турпалаллин илли.

11.Турпаллаллин иллийн  чулацамехь дуьйцу:

**А)дахарехь хилла г1уллакхаш;**

Б)турпалалхочун ойланаш.

12.Бусалба динах лаьцна чулацам а болуш,мукъамца д1а а а олуш,стихашкахьйазйина произведени йу:

А) эшар ;

Б) илли;

**В)назма.**

13.Оьрсийн алфавитан буха т1ехь дуьххьара нохчийн грамматика йазйинарг ву:

**А) Услар П.К.;**

Б)Досин Къеда;

В)ЭльдерхановТаьштамар.

14.Дуьххьарлера нохчийн абат йазйинарг ву:

А) Услар П.К.;

**Б)Досин Къеда;**

В)ЭльдерхановТаьштамар.

15.1923-чу шарахь арадаьллачу нохчийн дуьххьарлера газетан ц1е хилла:

**А) «Советская автономная Чечня»**

Б) «Серло»;

В) «Даймохк»

16.1925-чу шарахь нохчийн дуьххьарлера газет «Советская автономная Чечня» х1окху ц1арца арадаьлла:

А) «Ленинан некъ»;

**Б) «Серло»;**

В) «Даймохк»

17.Нохчийн дуьххьарлера газет «Советская автономная Чечня» х1инцах1окху ц1арца арадолуш ду:

А) «Ленинан некъ»;

Б) «Серло»;

**В) «Даймохк»**

18.Нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархой лору:

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
________________________________________

19.Дерриг къоман дахарехь доккха маь1на долу г1уллакхаш а къастош,лирически,эпически,драматически билгалонаш шеца йолу стихашца йазйинчу произведенех олу:

**А) поэма ;**

Б) илли;

В) назма.

**Тест 2.**

**Класс_____**

**Дешархочунйуьззина ц1е________________________________________**

**Тест-2**

**1.Дудаев 1абди Дудаевич вина:**

А) 1900 шарахь,Йоккхачу Атаг1ахь;

**Б)** 1901 шарахь,Веданан к1оштан Элистанжахь ;

В) 1895 шарахь ,Йоккхачу Атаг1ахь;

**2.Сальмурзаев МохьмадСальмурзаевич вина:**

**А)** 1900 шарахь,Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1901 шарахь,Веданан к1оштан Элистанжахь ;

В) 1895 шарахь ,Йоккхачу Атаг1ахь;

**3.К1еззиг турпалхой а болуш,стегандахархлаьцнажимачу эпически произведенехолу:**

**А)**дийцар;

Б) пьеса;

В) роман;

**4. «КхетамеХьамид», «Мало-хало» дийцарийн автор ву:**

А) МохьмадМамакаев ;

Б) МохьмадСальмурзаев;

**В)**ШамсуддинАйсханов;

**5.Нажаев Ахьмаданпоэмин ц1е:**

**А)** «Жа1у»;

Б) «Бешто»;

В) «К1айн котам».

**6.1907-чу шарахьТеркйистерчуЛаха-Неврехь вина:**

**А)**ШамсуддинАйсханов ;

Б) МохьмадСальмурзаев;

В) Саь1ид Бадуев;

**7.Бадуев Саь1ид-Салихь вина:**

А) 1900 шарахь,Йоккхачу Атаг1ахь;

**Б)**1903 шарахь,Соьлжа-г1алахь ;

В) 1895 шарахь ,Йоккхачу Атаг1ахь;

**8. «Бешто» повестан автор:**

А) МохьмадМамакаев ;

Б)ХалидОшаев;

**В)** Саь1ид Бадуев;

**9.«Бешто» повестантурпалхойбу:**

---

**10. С.Бадуевн «Ц1еран арц»:**

А)дийцар;

**Б)** повесть;

В) роман;

**11. « Ц1еран арц» т1ера коьртатурпалхой:**

---

**12.« Даге»стихотворенин автор ву:**

**А)**1аьрби Мамакаев ;

Б)ХалидОшаев;

В) Саь1ид Бадуев;

**13.Мамакаев 1. « Нохчийнлаьмнашкахь» поэминкоьртатурпалхой»бу:**___________________________________________________________________________________

_____________________________________

**14. «Лийрбоцурш», «Бож-1ела», «Мохсолтиндоьхна де» пьесийн автор ву:**

А)1аьрби Мамакаев ;

**Б)** Хамидов 1абдул Хьамид;

В) Саь1ид Бадуев;

**15.60-80-чу шерийнйаздархойбу**:_______________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________________